**Jergilikli byudjet qarjıların jámiyetshilik pikiri tiykarında qáliplestirilgen ilájlarǵa baǵdarlaw tártibi haqqında nızamnıń orınlanıwı boyınsha**

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021 jıl 13 apreldegi "Byudjet processınde puqaralardıń belsene qatnasın támiyinlew boyınsha qosımsha is-ilájlar haqqında"ǵı PQ-5072-sanlı qararı qabıl etildi. Usı qararǵa muwapıq byudjet qárejetleriniń 5 payızı jámiyetshilik pikiri tiykarında belgilengen ilájlardı qarjılandırıwǵa baǵdarlaw tártibi basqıshpa-basqısh ámelge engiziliwi, hámde jergilikli byudjetiniń qosımsha derekleriniń keminde 10 payızı, al 2021 jıl 1 iyul sánesinen baslap 30 payızı jámiyetshilik pikiri tiykarında ilájlarǵa jumsalıwı belgilengen.

2021 jıl 1 iyul sánesinen jergilikli byudjetiniń qosımsha derekleriniń keminde 30 payızı hámde 2022 jıl 1 yanvar sánesinen baslap rayon jergilikli byudjetiniń tastıyıqlanǵan ulıwma qárejetleriniń 5 payızı jámiyetshilik pikiri tiykarında qáliplesken ilájlarga jumsalıwı belgilengen.

Xalıq deputatları rayonlıq Keńesi, jergilikli ámelge asırıwshı Hákimyat organları, sonday-aq, mámleketlik emes shólkemlerden biriktirilgen xızmetkerlerden ibarat isshi komissiya tárepinen jámiyetshilik pikiri tiykarında ilájlardı qáliplestiriw, bahalaw, tańlap alıw hámde orınlanıwın monitoring qılıwdı ámelge asıradı.

Rayon jergilikli byudjetiniń tiyisli qarjıların jámiyetshilik pikiri tiykarında qáliplestirilgen ilájlardı qarjılandırıwǵa baǵdarlaw ushın byudjetten tısqarı “Puqaralar belsendeligi qorı” qáliplestirildi.

Rayon turǵınları tárepinen Ózbekstan Respublikasi Finans ministrliginiń openbudget.uz rasmiy axborat portalı arqalı kelip tusken maseleler sheshimin tabıw maqsetinde Qaraózek rayonında jasawshı turǵınlar tárepinen 1 basqıshta 232 usınıs kelip tusken bolıp, sonnan ishki komissiya aǵzaları tárepinen 99 usınıs dawıs beriw basqıshına ótkerildi.

Dawıs beriw basqıshı 12 avgust kuninen 2 sentyabr kunine shekem bolıp ótti hám dawıs beriw basqıshı juwmaǵına kóre, eń kóp dawıs toplaǵan usınıslar jeńimpaz dep tabıladı.

Usı isshi komissiya tárepinen saralap alınǵan 99 usınıs ishinen dauıs beriw basqıshında rayonlıq XBB ne qaraslı 1 sanlı mekteptiń sırtqı qorǵanın ońlaw usınısı 480 dauıs jıynap jeńimpaz boldı hám házirgi kunde joybardıń smeta hujjetlerine tiykarlanıp 350,0 mln.swm qarjı puqaralar belsendi qorı esabınan ajıratılıp berildi.

Taǵıda Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 22-sentyabr kúngi ««Ashıq byudjet» málimleme portalı arqalı jámáátshilik pikiri tiykarında qáliplesken is-ilájlardı qarjılandırıwdı jánede keńeyttiriw is-ilájları haqqında»ǵı PQ-5250-sanlı qararınıń 1-qosımshasına tiykar puqaralar belsendiligi jamǵarmasına 1 mlrd.swmnan kem qarjı qáliplesken hámde kelip

túsken usınıslar sanı 100 den artıq bolǵan rayon hám qalalarǵa Ózbekstan Respublikası respublika byudjetinen qosımsha tárizde ajıratılıp atırǵan qarjılar esabınan Qaraózek rayonı puqaralar belsendiligi qorı jamǵarması 1 mlrd.swmnan kem qarjı qálipleskenligi ushın 565 mln.swm hám kelip túsken usınıslar sanı 100 den artıq bolǵanlıǵı ushın 500 mln.swm qarjı ajıratılıp atırǵanlıǵı esabınan jeńimpaz dep tabılǵan usınıslardıń dizimi jańalanıwına baylanıslı Qaraózek rayonı XBB ne qaraslı 4-sanlı mektebiniń ońlaw jumısları tamamlanbaǵan imáratın ońlaw usınısına 450,1 mln.swm(460 dawıs), Qaraózek rayonı XBB ne qaraslı 28-sanlı mektebine balalar ushın minifutbol maydanshasın qurıw (gazonlı maydansha) usınısına 500 mln.swm (180 dawıs) hám rayonımızdaǵı Ajiniyaz kóshesi boyındaǵı kóp qabatlı turar jaylar aldındaǵı shıǵındı taslaw ornın abadanlastırıw (qayta islew) usınısına 200 mln.swm (135 dawıs) ajıratılıwı kózde tutılǵan bolıp, bul usınıslarda jeńımpaz dep tabıldı. Házirgi kunde usınıslar uyrenilip joybar smeta hujjetlerine tiykarlanıp qarjı ajıratıldi.